

Gladhen 3: Mbedakake Teks Informasi

Bocah-bocah, wacanen teks ing dhuwur lan setitekna maneh kaya kang wis dijlentrehake yen jinise teks informasi wujud teks pawarta, teks slogan, lan teks iklan.

Teks ing ngisor iki setitekne!

Taman Nasional Baluran

Njaga lestarine alam Indonesia dadi tanggung jawabe kabeh warga negara Indonesia, yaiku kabeh masyarakat lan pemerintah. Kementerian Kehutanan lan Lingkungan Hidup sing **kejibah** njaga lan **ngupakara** lestarine alam Indonesia. Salah sijine kanthi netepake Taman Nasional. Taman Nasional yaiku cagar alam/ *hutan lindung* sing dilindhungi undhang-undhang kanggo njaga lestarine ekosistem sing asli, yaiku alame, tandurane, lan kewan-kewane.

Taman Nasional Baluran kuwi salah sijine cagar alam utawa *hutan lindung* sing wis ditetepake dening pemerintah. Ekosistem sing asli ing Taman Nasional Baluran awujud **padhang savana**, **alas mangrove**, alas tropis, pesisir, rawa, lan pegunungan. Ana 444 jinis tanduran, 155 manuk, lan 26 mamalia. Mamalia sing paling misuwur yaiku bantheng.

Rini lan Bima wis nate diajak Bapak ibune dolan menyang Taman Nasional Baluran. Bocah loro seneng atine ana Taman Nasional Baluran, amarga bisa langsung ngrasakake lan ndeleng endahing alame, tanduran, lan kewan-kewane sing wis langka. Rini lan Bima seneng banget bisa weruh wujud bantheng.

Mula yen kepingin kaya Rini lan Bima, **enggala** nggawe rencana liburan semester iki saperlu dolan menyang Taman Nasional Baluran. Ing kono saliyané dolan-dolan uga bisa nliiti lan sinau ngenani maneka warnane ekosistem. Regane tiket kanggo mlebu kepetung murah. Papane gampang diparani, amarga manggone ana ing sapinggire dalan gedhe Surabaya Banyuwangi KM 18, Arjasa-Situbondo. Taman Baluran mapane **ke bawah** Ds. Sumberwaru, Kecamatan Banyuputih, Kabupaten Situbondo



Wangsulana pitakon ing ngisor iki!

1. Teks ing dhuwur irah-irahane apa?
2. Tembung sing kacithak kandel ing teks dhuwur golekana tegese!
 - a. kejiyah =
 - b. ngupakara =
 - c. padhang savana =
 - d. alas mangrove =
 - e. enggala =
 - f. ke bawah =
3. Gambar ing ngisor iki slogan apa iklan?
 - a.



- b.

